2-sxema




3-sxema




I A topar elementleri temasın oqıtıwda pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıwda oqıtıwshı sabaq procesi dawamında oqıwshılarǵa berilgen tema tiykarında tolıq maǵlıwmat jetkerip bere alıwı hám oqıwshılar tez ózlestire alıwı hám tema boyınsha túsiniklerin ózlestiriwi lazım.

**Juwmaq.** Házirgi kúnde ulıwma bilim beriw mekteplerinde sabaq barısında interaktiv usıllardan paydalanıw ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp, onı sabaq procesine qollanıw jolları haqqında maǵlıwmatlardı toplaw, onıń ilimiy tiykarın jaratıw hám interaktiv usıllardan paydalanıw metodikasın islep shıǵıw házirgi zaman pedagogikalıq texnologiyasınıń eń áhmiyetli máseleleriniń biri bolıp esaplanadı. Bul wazıypalardı ámelge asırıwda jańa interaktiv hám dástúriy emes pedagogikalıq texnologiyalar júda qol keliwi kópshilik pedagogikalıq tájiriybelerde óz nátiyjelerin tastıyıqlamaqta. Dáslep oqıwshılardan elementler haqqında pikirlerin soraw keyin, sabaqtı bayan etiwde pedagogikalıq texnologiya usılları qollanıladı. Bunda elementlerdiń ashılıw tariyxı, tábiyatta tarqalıwı, alınıwı, fizikalıq-ximiyalıq qásiyetleri hám qollanılıwı izbe-izlikte túsindirilip, sol tártipte oqıwshıǵa jetkerip beriw jaqsı nátiyje beredi.

**Ádebiyatlar**


1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2020 йил 12-августдаги «Кимё ва биология йўналишларида узлуксиз таълим сифатини ва илм-фан натижадорлигини ошириш чора-тадбирлари тўғрисида»ги ПҚ-4805-сон қарори.
2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2019 йил 8-октябрдаги «Ўзбекистон Республикаси Олий таълим тизимини 2030 йилгача ривожлантириш концепциясини тасдиқлаш тўғрисида»ги ПФ-5847-сон Фармони.
3. Avlayev O.U., Jo'rayeva S.N., Mirzayeva S.P. “Ta’lim metodlari” o‘quv-uslubiy qo‘llanma. –T.: “Navro‘z” 2017.


**REZYUME.** Maqolada kimyo darslarida I A guruh elementlarini o‘qitishda Klaster metodidan foydalanib o‘qitish bo‘yicha keltirilgan. Dars mashg‘ulotlarida bu metod talabalar tomonidan bildirilgan g‘oyalarning majmuasi sifatida ko‘rinadi va talabalarning ijodkorligini va faolligini oshiradi.

**РЕЗЮМЕ**. В статье рассматривается использование метода Кластера при преподавании элементов I A группы на уроках химии. В классной деятельности этот метод рассматривается как совокупность идей, высказываемых учащимися, и повышает творческие способности и активность учащихся.

**SUMMARY.** The article discusses the use of the Cluster method in teaching elements of group I A in chemistry lessons. In class activities, this method is considered as a set of ideas expressed by students and increases students' creativity and activity.

## JASLARDÍ RUWXÍY TÁRBIYALAWDA ShAŃARAQ HÁM MILLIY ÚRP-ÁDET, QÁDIRIYATLARDÍŃ XÍZMETI

**A.Dosxodjaeva** – *úlken oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** ma’naviyat, ijtimoiy, taraqqiyot, oila, shaxs ma’naviyati, maktab, mehnat jamoasi, mahalla, ta’lim, tarbiya.

**Ключевые слова:** духовность, социальный, развитие, семья, духовность личности, школа, трудовой коллектив, махалля, образование, воспитание.

**Key words:** spirituality, social, development, family, individual spirituality, school, work team, neighborhood, education, upbringing.

**Kirisiw.** Adamzat balasında tálim hám tárbiya ómiri dawamında qáliplesip, jetilisip baradı. Tárbiya túrleriniń barlıǵı da insandı kámillikke baǵdarlawshı mazmunǵa iye. Olardan ruwxıy tárbiya belgili áhmiyetke iye. Ruwxıy tárbiya, eń dáslep, ortalıqqa, shańaraqtıń balaǵa beretuǵın tárbiyası menen tikkeley baylanıslı. Hár qanday zamanda,

hár qanday dáwirde de shańaraq tárbiyası – insan balası menen ajıralmas túsinik retinde qáliplesken.

Shańaraq tárbiyası: bul – óner, bul – mádeniyat, bul – ádep ikramlılıq, adamgershilik pazıyletlerdiń birden-bir ólshemi, negizi. Onıń tamırları uzaq ásirlerge barıp ushlasadı.

**Temaǵa baylanıslı ádebiyatlarǵa sholıw.** Eramızdan burıngı VII ásirde jaratılǵan zardushtiylik dininiń muqaddes deregi – «Avesto» shıǵarması da pútkil xalqımızdıń milliy-mádeniy miyrası, tariyxıy esteligi bolıp sanaladı.

«Avesto» dóretpesinde kórsetiliwinshe, zardushtiylik táliymatında jip iyiriw, kiyimler tigiw qız balalardıń atqaratuǵın úy jumısları, al, óz gezeginde, gúreske túsiw, shabandozlıq, qılıshpazlıq, suwda júziw, oq jaydan oq atıw sıyaqlı fizikalıq-áskeriy kónlikpelerdi iyelew ul balalar ushın májbúriy bolǵan.

«Avesto» da aǵayinlerdiń óz ara shańaraq qurıwı nızam menen qatań qadaǵan etilgen.

Sol dáwirde jasaǵan xalıqlardıń úrp-ádetleri, turmıs tárizi, sonday-aq, balalardı tárbiyalaw hám oqıtıw haqqındaǵı maǵlıwmatlar menen tanısıw barısında sonı aytıw múmkin, «Avesto» dóretpesiniń neke, shańaraq máselelerine tiyisli pikirleri balalar tárbiyasın durıs qáliplestiriwge baylanıslı kórsetpeler menen bayıtıp barılǵan. Dóretpe pikirlerine kóre, hár bir jastı sonday tárbiyalaw zárúr, ol dáslep jaqsı oqısın, soń turmıslıq tájiriybelerdi úyreniw arqalı shaxs sıpatında rawajlanıwda joqarı basqıshlarǵa kóterile alsın. Zardushtiyler balalarǵa gigienalıq bilim beriwge ayrıqsha itibar qaratqan. Balalar jaslayınan terek egiw, úyge kerekli qurallardı jasaw, jer egiw hám sharwa menen shuǵıllanıw sıyaqlı miynet kónlikpelerin ózlestiriwi shárt bolǵan [1:49-51].

Insan ruwxıyatına, sezimi hám oylawına sáykeslendirip jaratılǵan maqallar, ápsanalar, ráwiyatlar hám hádislerde biybaha hikmet, tereń máni, tereń pikir, túsinikler aytılǵan bolıp, islam táliymatında shańaraq turmısına úlken itibar berilgen. «Quran» kitabı – arab mádeniyatınıń eń muqaddes esteliklerinıń biri. «Quran» islam qaǵıydalarınıń tolıq jıynaǵı bolıp, diniy isenimlerdi, huqıqlarda ádalat hám tárbiya máseleleriniń ózinde jámlegen. Quranda adamlardıń dunya tanıwı, jasaw sharayatı, ómirge kózqarasları, ómirde tutqan ornı islam dininiń qaǵıydaları tiykarında sheshiledi. Hár bir isti Alla tala ózi basqaradı, ózi qollaydı. Sonıń ushın, hár bir adam ıqtıyarın Allaǵa tapsırıw uqtırıladı [2:32].

Hadisler mazmunında da insan qádir-qımbatı joqarı sanaladı. Hádislerde shańaraq qarım-qatnasların tuwrı tártipke salıw, perzentlerdi kámil insan etip tárbiyalawǵa keń imkaniyat berilgen. Shańaraqta perzenttiń óz ata-anasına húrmette bolıwı, erli-zayıptıń shańaraqta awızbirshilikli jasawı, bir-birine izzet-húrmet penen qarawı, ruwxı pák, basqalarǵa rehimli, mehir-miriwbetli bolıwǵa shaqıradı. Hádislerde ata-ana hám perzent ortasındaǵı mehir-muhabbat, ádep-ikramlılıq máselelerine de ayrıqsha itibar qaratılǵan.

Ata-ananı, tuwǵan-tuwısqandı hám úlkenlerdi húrmetlew, qarım-qatnas, adamlarǵa ǵamqorlıq, miriwbet hám miyrimlilik kórsetiw, bos waqıttan durıs paydalanıw, doslıq, miymandoslıq, kiyiniw hám taǵı basqa da ádepler bolıp tabıladı. Bunday derekler hádislerde kóplep tabıladı. Máselen: «Amanatqa qıyanet etiwshide iyman joq, sózinde turmaytuǵında diyanat joq». Sonday-aq, «Maldúnyası kóp adam bay emes, nápsisi toq adam bay», – dep tuwrılıq rasgóylik haqqında aytılsa: – «Adamlarǵa jamanlıq etiwden ózindi tıy, bunıń menen ózine sawap arttırasań», «Kimde-kim nesiybeli, ómirim uzaq bolsın dese, aǵayin-tuwǵanlarǵa mehir-aqıbetli bolsın», - dep adamgershilik mehir-miriwbet haqqında úyretedi.

Hádislerde berilgen áhmiyetli pedagogikalıq pikirlerdi ulıwmalastırıw hám jas áwlad tárbiyasında paydalanıw, olar arqalı joǵalıp baratırǵan insanıylıq qádiriyatlardı tiklewde nátiyjeli paydalanıw biziń aldımızǵa qoyılǵan áhmiyetli wazıypalardıń biri bolıp sanaladı. Mısalı, hádislerde mınaday tárbiyalıq qaǵıydalar usınıladı. “Ata-anasına miyrimli bolıw; adamlarǵa jamanlıq islemeseń sadaqa bergen menen barabar; Shaqırılǵan jerge ǵana barıń; adamlarǵa jaqsılıq etiw hám aǵayın-tuwǵanlar menen jaqın baylanısta bolıp hal-awhal sorasıp turıw bul sawabı tez tiyetuǵın qayırlı islerden bolıp esaplanadı. Tasbawırlıq, aǵayın tuwǵannan bezip ketiwshilik bolsa jazası tez jetetuǵın jaman islerden esaplanadı. Sadaqanıń abzalı – musılman adam ilim úyrenip, sońınan basqa musılman biradarına úyretiw; iymannıń abzalı – sabır taqatlı, keń peyil bolıw; qońsı menen bárhá jaqsı qatnasta bolıńlar; Qızlardı turmısqa shıǵarıw haqqında onıń anası menen másláhátlesińler; Adamnıń gózzallıǵı onıń tilinen bilinedi; Esitken hár bir sózdi ayta bergen adam gúnakar esaplanadı» [6:73].

**Izertlew metodologiyası.** Mánawiyat insannıń ishki ruwxıy dúnyası, kózqarasları, adam balasınıń iskerligine unamlı mazmun hám baǵdar beretuǵın ishki ruwxıy faktor dep esaplawǵa boladı. Ilim hám texnikanıń jedellik penen rawajlanıp atırǵan búgingi dáwirimizde joqarı mánawiyatlı, qádiriyatlarǵa húrmet penen qaraytuǵın jaslardı tárbiyalaw jámiyetimizdiń de, bilimlendiriwdiń de aldında turǵan eń aktual máselelerden bolıp sanaladı. Insannıń ruwxıy dúnyası bay shaxs sıpatında qáliplesiwinde shańaraq eń tiykarǵı áhmiyetke iye. Jámiyetimizdiń rawajlanıp, ruwxıy faktorlardıń sociallıq rawajlanıwındaǵı ornı hám áhmiyetiniń artıwı menen hár qanday shańaraqtaǵı tárbiyaǵa itibar da kúsheyip baradı. Bul boyınsha shańaraqtaǵı ruwxıy ortalıqtı turaqlı kóriniske alıp keliw, ata-analarda perzentler aldındaǵı, al perzentlerde bolsa ata-ana hám jámiyet aldındaǵı, minneti hám juwapkershiligin arttırıw búgingi kúnniń eń áhmiyetli wazıypalarınan bolıp sanaladı.

Shańaraq, ásirese, shıǵıs mámleketlerinde ásirler dawamında jas áwladtı tárbiyalawda, kámil insandı kamalǵa keltiriwde eń muqaddes túsinik bolıp esaplanadı. Hár bir insanda Watan túsinigi ósip kiyatırǵan áwladtıń sanası, ruwxıyatı hám qálbine kirip baradı hám pútkil ómiri, turmıslıq iskerligi dawamında jáne de jetilisip, mazmunı boyınsha qáliplesedi. Bul process shańaraqtaǵı salamat ortalıqta, ata-babalar násiyatı, úlgili basıp ótken jolı, miyrim-shápááti arqalı ámelge asırılıp barıladı. Hár qanday adamnıń ruwxıy dunyası, dúnyaqarası, oyları, isenimi, iymanı eń dáslep shańaraqta qáliplesedi. Qıtay xalqınıń eń birinshi muǵallimi Konfuciy shańaraqtı kishkene mámleketke teńeydi. Áyyemgi grek filosofları da shańaraqtıń jámiyettiń birligi hám tınıshlıǵın saqlawda hám jetik áwladtı tárbiyalawda ornın joqarı bahalaǵan. Ullı enciklopedist ilimpaz Aristotel «Shańaraq –bul baxıt hám ıǵbal úyi» dep táripleydi. Álbette, fizikalıq jaqtan hám ruwxıy jaqtan jetiklik qasiyet eń dáslep shańaraqtan baslanadı.

Shańaraqta qáliplesken ádep-ikramlılıq keyin ala máhállede, miynet jámáátlerinde, oqıw mákemelerinde rawajlanıp, shaxstıń sanası hám qálbine sińip baradı.

Shańaraqta tárbiyalı insandı kamalǵa keltiriw isi-oǵada juwapkershilikli wazıwpa esaplanadı. Sebebi, bul jerde ásirler dawamında qáliplesip kelgen milliy qádiriyatlar, ata-analar hám perzentleriniń birge islesiwi, shańaraqta

tuwǵan-tuwısqanlardıń bir-birine járdem qolın sozıwı, shańaraqta hurmet talaplarınıń saqlanıwı sıyaqlı úrp-ádetler ósip kiyatırǵan jas áwladtı ruwxıy dunyası hám ádep-ikramlılıǵınıń negizine aylanadı.

Watan, millet tuyǵısı, milliy maqtanısh balanıń shańaraqqa, eń jaqın adamları – ata-ana, atası-ájesi, ajaǵası-inisi, ajapası-sińlisine bolǵan húrmet, itibar, doslıq, miyrim-shápáát múnásibetlerinen, ózi tuwılıp ósken úyi, qońsı-qobaları, dosları, aǵayin-tuwǵanları menen bolǵan qarım-qatnastan baslanadı. Sonlıqtan da, mánáwiy tuyǵılardı jaslar sanasına hám qálbine sińdirip barıwda eń dáslep shańaraqta salamat mánáwiy hám bekkem tárbiyalıq ortalıq bolıwı kerek dep esaplaymız.

Shańaraq – jámiyettiń baslanǵısh buwını. Ol ózinde shańaraq aǵzalarınıń zárúrliklerin, qızıǵıwın, tárbiyasın hám basqa da iskerlik túrlerin qáliplestiredi. Shańaraq tárbiyasında shańaraqtıń materiallıq jaǵdayı, mádeniy-ruwxıy dárejesi, tınıshlıǵı, shańaraq aǵzalarınıń sanı, quramı ayrıqsha áhmiyetke iye.

Oqıw, bilimlendiriw mákemelerinde beriletuǵın tálim-tárbiya dárejesi menen oqıwshılardıń shańaraqtaǵı turmıs tárizi arasındaǵı baylanıstıń pedagogikalıq tárepten támiyinlengenligi hám de bilim alıwshı oqıwshılardıń jetiskenlikleri olarda jeke sapalardın qáliplesip barıwın da jedellestiredi. Ásirese, oqıwshılardıń minez-qulqında ushırasatuǵın nuqsanlar ótirikshilik, agressivlik (jeke óz mápin oylawshılıq), huqıqbuzıwshılıq, jınayatshılıqtıń aldın alıwda oqıw orınlarında beriletuǵın tálim-tárbiyanıń tásirin joqarılatıw jolların ele de rawajlandırıwda shańaraq diagnostikasınıń belgili ornı bar. Bunday jaǵdayda bilimlendiriw mákemeleri ata-analarǵa óz mazmun hám imkaniyatlarınan kelip shıǵıp birge islesiwi, birgelikte jumıs alıp barıwı kerek.

Shańaraq tárbiyası haqqında Ó.Álewov tómendegi bahalı pikirlerdi bildirgen edi: «Tárbiya qay waqıtta da insanlardıń zárúrligine beyimlestirip beriledi. Sebebi, jámiyettegi tárbiya isleri jámiyettiń adamlarınıń óz turmısı hám óz ómiri ushın gúresiniń hár bir qádemi menen tıǵız baylanıslı.

Sonlıqtan, kúndelikli turmıs zárúrligine bola dóregen tárbiya túrine, birinshi gezekte, jası úlken adamlardıń óz tájiriybelerin jaslarǵa úyretip, is júzinde kórsetip beriwi kiredi» [3:15].

Demek, bala tárbiyasında eń dáslep ata-ana balaǵa ózi úlgi bolıwı kerek.

Shańaraq tárbiyasında shańaraq diagnostikası úlken áhmiyetke iye. Bul boyınsha, ilimpazlar hár bir shańaraqtıń zárúrliklerin esapqa alıp halda jámiyetlik - pedagogikalıq járdem beriw hám birge islesiwde tómendegilerge itibar qaratıw kerek dep esaplaydı:

– maqsetti belgilew, shańaraqta erisilgen tabıslardı anıqlap, olarǵa súyengen halda ata-analardıń qanday imkaniyatlarǵa iye ekenligin, qanday pedagogikalıq járdemge mútáj ekenligin belgilew;

– ata-analar arasında anketalar tarqatıw, olardan juwapların alıw hám analizlew, onıń juwmaqların ata-analarǵa tanıstırıw;

– diagnostika tiykarında pedagogikalıq konsiliumlar shólkemlestiriw, psixologiyalıq xızmetlerdi ámelge asırıw jobaların dúziw, jumısların ámelge asırıw [2:140].

Álbette, usı sıyaqlı tálim-tárbiyalıq jumıslar baslawısh klass oqıwshılarınıń keleshekte tárbiyalı insanlar bolıp jetilisiwine óz tásirin tiygizedi.

Ata-analar menen birge islesiwde tek ǵana ulıwma bilimlendiriw mákemeleri emes, al máhálle de dıqqattan shette qalmawı tiyis. Perzent tárbiyasında unamsız tásir etetuǵın ata-analardı máhálle belsendileri arasında talqılaydı.

Demek, shańaraq, mektep, máhálleniń tárbiyalıq jumısların shólkemlestirip hám bilimlendiriw mákemeleri, shańaraq, máhálle, keń jámiyetshilik penen birgelikte tálim-tárbiyalıq máselelerdi unamlı túrde sheshiw múmkin.

Shańaraqta durıs tártip-intizam bolǵanda ǵana sol shańaraq oqıwshısı tártipli, intizamlı, milliy qádiriyatlar, tárbiya túrleri túsiniklerine juwapkershilikli kózqarasta qaray alatuǵın insanlar sıpatında kamalqa keledi.

Ata-ana ul-qızlarınıń tek bilimine emes, al tárbiyalıq táreplerine de itibar qaratıw kerek. Bul boyınsha pedagog ilimpaz M.Inamova shańaraqtıń tárbiydaǵı roli haqqında: «Milliy ǵárezsizlik sharayatında shańaraqta bala tárbiyasına bolǵan itibar kúsheydi. Sebebi, jámiyet aqılıy jaqtan jetik, pák, densawlıǵı jaǵınan sap deneli ruwxıy bay áwladtı tárbiyalawdan mápdar. Bunday áwlad, eń aldı burın, ruwxıy, ádep-ikramlılıq jaǵınan saw hám bekkem shańaraqta qáliplesedi. Sebebi, shańaraqtı rawajlandırıw hám bekkemlew ushın qollanatuǵın ǵamxorlıq keleshek áwlad táǵdiri menen baylanıslı» [4, 5].

**Juwmaq.** Haqıyqatında da, balaǵa shańaraqta da, mektepte de qatań itibar beriliwi kerek. Bul ushın, birinshi náwbette, sol perzent tárbiyalanıp atırǵan shańaraǵı muǵallimniń, máhálleniń, jámiyettiń dıqqat-itibarında bolıwı kerek. Onıń qanday ortalıqta ósip atırǵanlıǵı, ata-anasınıń bilim dárejesi, balasına itibarı, óz ul-qızın bilim alıwǵa, miynet etiwge basqalar menen ádep-ikramlı, ashıq kewilli múnásibette bolıwı, minez-qulqı qızıǵıwları, sportqa bolǵan kózqarası, doslarına bolǵan awızbirshilik qatnasları taǵı basqa da adamgershilik pazıyletler, ruwxıy kózqarasları shańaraqta qáliplesip rawajlanıp baradı dep bahalawǵa boladı.

### Ádebiyatlar

1. Muxsieva A. Shańaraq pedagogikası. –Tashkent: «Yosh avlod matbaa», 2021. 49-51-b.
2. Dosxodjaeva A. Shańaraq pedagogikası. –Toshkent: «Yosh avlod matbaa», 2021, 32-b.
3. Álewov Ó. Qaraqalpaqstandaǵı tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı. –Nókis: «Bilim»,1993.
4. Ibragimov H.I., Abdullaeva Sh.A. Pedagogika. -Toshkent: «Fan va texnologiya», 2007.
5. Inomova M. Oilada bolalarning ma’naviy-axloqiy tarbiyasi. -Toshkent: «Fan», 1999.
6. Qaraqalpaq xalqınıń etnopedagogikası. –Nókis: «Bilim», 1995, 73-b.

**REZYUME.** Maqolada ma’naviyat insonning asosiy mohiyatini ifodalovchi, uning faoliyatiga ijobiy mazmun va yo‘nalish beruvchi ichki ruhiy omil ekanligi so‘z etiladi. Oilaning jamiyatda tutgan o‘rni, ma’naviy-axloqiy tarbiya haqida fikrlar aytilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о том, что духовность - внутренний духовный фактор, выражающий основную суть человека, который придает положительный смысл и направление его деятельности. Высказывались мнения о роли семьи в обществе, духовно-нравственном воспитании.

**SUMMARY.** In the article, it is said that spirituality is an internal spiritual factor that represents the main essence of a person and gives a positive meaning and direction to his activity. Thoughts about the role of the family in the society, spiritual and moral education were expressed.